

APRANTISAJ SOSYAL AK EMOSYONÈL MATEN JISKA LANWIT

W ap bezwen yon anviwònman ki gen konfyans, respè, ak sipò pou ede timoun yo devlope konpetans sosyal ak emosyonèl. Lè nou montre konpetans sa yo nan aksyon nou epi nou ankouraje konpòtman pozitif pandan tout jounen an, ansanm nou ka kreye yon klima kote tout moun pwospere.

MATEN NAN KAY LA



- Lè bay pitit ou yon ti bo, gade li ak senterite nan je ak yon refleksyon pozitif pandan tout jounen an, sa ka ede pitit ou reveye nan yon mond ki chaje avèk lanmou ak ankourajman.



NAN LEKÒL LA

Yon rankont lematen kote tout moun patisipe kreye yon baz pou gen yon jounen pwodiktif kote yo akeyi, salye, ak ankouraje tout moun egale.



Timoun yo pratike estrateji pou detann yo ki ankouraje konpetans nan planifikasyon, ogmante preparasyon pou yo aprann, epi redwi kè soti.

- Nan rankont maten oswa apre midi yo, yon timoun ka dirije diskisyon an kote li pataje yon istwa, yon santiman oswa yon pèsonaj nan yon liv li renmen anpil.



APRE LEKÒL

Ankouraje travay ann ekip ak fè timoun yo konseye youn ak lòt nan aktivite pou jwe an gwoup pou ede yo devlope koperasyon ak respè ant diferan klas ak laj.



- Anvan aktivite yo kòmanse, yon ti poz 30 segonn ka re-demare emosyon ak imè ni pou timoun yo, ni pou manm pèsonèl la.



ASWÈ LAKAY LA

Fè yon ti chita-pale fas-a-fas chak jou sou sa ki te pase byen ak sa ki pa te pase twò byen pandan jounen an, san teknoloji, devlope koneksyon fanmi, epi ede kreye yon refij pou selebre sa ki te pase byen yo ak sitiyasyon difisil yo.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl nan lekòl nou yo ak nan kay la, ale sou <https://bit.ly/2xgIXiM> ak www.primetimepbc.org/sel.

